

Èd Alimantè pou Ijans yo ap Fini mwa Mas 2023

Eta Delaware
Divizyon Sèvis Sosyal

W ap resevwa DÈNYE Èd Alimantè pou Ijans sou kat EBT w lan MADI 28 FEVRIYE 2023.

Apati 1ye mas 2023, Èd Alimantè pou Ijans ki siplemantè yo ap fini epi kantite Èd Alimantè mansyèl ou yo ap retounen nan nòmal yo.

Apati Mas 2023, w ap resevwa èd mansyèl ou yo sèlman nan dat yo konn bay yo a. Ou p ap resevwa Èd Alimantè ijans siplemantè sou kat EBT ou a ankò nan chak fen mwa.

Poukisa Èd Manje w yo ap chanje?

Ou t ap resevwa Èd Alimantè Ijans siplemantè nan chak fen mwa pandan ijans sante publik COVID-19 la. Ou te resevwa èd siplemantè ijans sa a plis èd regilye mansyèl ou yo. Sa vle di ou t ap resevwa plis èd sou kat EBT ou a chak mwa pase sa ou ta dwe jwenn nòmalmnan pandan ijans sante publik COVID-19 la.

Yo te vote yon lwa federal ki mete fen nan Èd Alimantè Ijans yo. Nan mwa mas 2023 a, Èd Alimantè w yo ap retounen nan kantite nòmal lan selon gwozè fanmi ou, revni ou, ak depans ou yo.

Divizyon Sèvis Sosyal la yo pa kapab chanje fen Èd Alimantè Ijans yo.

Kisa ou dwe fè?

Ou pa bezwen fè okenn aksyon. Toutotan w kalifye, Èd Alimantè mansyèl regilye w yo ap kontinye jiskaske peryòd apwobasyon w lan fini. Nap voye yon avi ba ou lè li tan pou w renouvele Èd Alimantè ou yo.

Ou ka tcheke balans Èd Alimantè w la sou kat EBT w la sou **www.ConnectEBT.com** oswa rele nan **1-800-526-9099**.

Èske ou dwe bay rapò sou yon chanjman?

Tanpri fè nou konnen si gen yon bagay kèlkonk ki chanje nan fanmi w. Li enpòtan pou nou konnen adrès aktiyèl ou, travay ou, revni ou, depans ou yo (tankou lwave/ipotèk, sèvis publik, gadri pou timoun, ak depans medikal yo), ak moun ki lakay ou. Ou ka deklare yon chanjman nan:

- Konekte sou kont Delaware ASSIST ou nan **assist.dhss.delaware.gov**; oswa
- Rele nan **1-866-843-7212**; oswa
- Rele oswa vizite biwo Divizyon Sèvis Sosyal oswa Divizyon Medicaid ak Asistans Medikal lokal ou a.

Èske ou gen kesyon?

Rele nou nan **1-866-843-7212** (Lendi jiska Vandredi, 8:00 AM jiska 4:30 PM) oswa vizite sit entènèt nou an pou plis enfòmasyon - **www.dhss.delaware.gov/dhss/dss/**.

Ou bezwen plis èd?

Si w bezwen asistans alimantè, tanpri kontakte:

Depo Alimantè Delaware
 Konte New Castle 302-292-1305
 Konte Kent & Sussex yo 302-424-3301
www.fbd.org/get-help/

Liy èd 2-1-1 Delaware
 Rele 2-1-1 oswa 1-800-560-3372
 Ekri kòd postal ou a nan yon mesaj sou 898-211
www.delaware211.org

Tanpri kontakte òganizasyon ki anba yo si w bezwen èd kounye a oswa lè asistans COVID-19 yo fini.

Sèvis Sosyal, Sante, Finansye, ak Resous Travay GRATIS nan Delaware	
KONTAKTE:	SI OU BEZWEN ÈD AK:
Divizyon Sèvis Sosyal Delaware <i>Aplike Anliy sou: assist.dhss.delaware.gov</i> 1-866-843-7212 www.dhss.delaware.gov/dhss/dss/	<ul style="list-style-type: none"> Èd Alimantè, Asistans Swen Timoun, ak Asistans Lajan Kach Sèvis Travay ak Fòmasyon pou moun k ap resevwa Èd Alimantè ak Asistans Lajan Kach
Divizyon Medicaid ak Asistans Medikal nan Delaware <i>Aplike Anliy sou: assist.dhss.delaware.gov</i> 1-866-843-7212 www.dhss.delaware.gov/dhss/dmma/	<ul style="list-style-type: none"> Medicaid, Pwogram Timoun an Sante (CHIP), Asistans pou Preskripsyon, ak Sèvis Swen Alontèm
Sant Sèvis Divizyon Eta Delaware 1-866-843-7212 www.dhss.delaware.gov/dhss/dssc/	<ul style="list-style-type: none"> Asistans an Ijans pou Lwaye, Sèvis piblik, Abri, ak Manje Asistans Swen Fammi Asistans Enèji
Depatman Travay Delaware labor.delaware.gov www.joblink.delaware.gov	<ul style="list-style-type: none"> Rechèch Travay ak Fòmasyon Alokasyon Chomaj
Otorite Lojman Eta Delaware 1-888-363-8808 www.destatehousing.com	<ul style="list-style-type: none"> Lojman Abòdab, Abri Ijans, ak Asistans Lwaye
Pwogram Famn, Tibebe ak Timoun (WIC) Delaware Konte New Castle 302-605-4066 Konte Kent 302-605-1833 Konte Sussex 302-605-4055 www.dhss.delaware.gov/dhss/dph/chca/dphwichominf01.html	<ul style="list-style-type: none"> Asistans Alimantè, Manje Sen, Nitrisyon, ak Swen Sante ak Referans Sèvis Sosyal pou Famn Ansent, Nouvo Manman yo ak Jèn Timoun
Sant Resous pou Pèsonaj ak Andikape Delaware 1-800-223-9074 www.delawareadrc.com	<ul style="list-style-type: none"> Resous pou Pèsonaj ak Granmoun ki gen Andikap Fizik yo Enfòmasyon sou Livrezon Manje, Lojman, Travay, Sèvis Sante yo, ak Lòt Pwogram ki Disponib yo
Rete Bò Kote Mwen 1-800-560-3372 www.standbymede.org	<ul style="list-style-type: none"> Akonpayman Finansye Amelyore Nòt Kredi ou epi Redui Dèt Asistans pou Pwopriyetè Kay
Hope Line Delaware 1-833-9-HOPEDE oswa 1-833-946-7333 www.HelpIsHereDE.com	<ul style="list-style-type: none"> Sante Mantal, Estrès, Anksyete, ak Depresyon Twoub nan Konsomasyon Sibstans ak Adiksyon Asistans pou Vyonans Domestik ak Kriz
My Child DE 1-800-734-2388 www.mychildde.org	<ul style="list-style-type: none"> Resous Swen Timoun ak Zouti Rechèch yo
Community Legal Aid Society, Inc. (CLASI) Konte New Castle 1-800-292-7980 Konte Kent 1-800-537-8383 Konte Sussex 1-800-462-7070 www.declas.org	<ul style="list-style-type: none"> Sèvis Jiridik Gratis yo
Depo Alimantè Delaware 302-292-1305 Konte New Castle 302-424-3301 Konte Kent & Sussex www.fbd.org/get-help/	<ul style="list-style-type: none"> Depo Alimantè Kominotè Pwogram Nitrisyon pou Pèsonaj
Liy èd 2-1-1 Delaware Rele 2-1-1 oswa 1-800-560-3372 Ekri kòd postal ou a nan yon mesaj sou 898-211 www.delaware211.org	<ul style="list-style-type: none"> Asistans Alimantè, Swen Medikal, Abri Ijans, Lojman, Sèvis Piblik, Sante Mantal, Twoub Konsomasyon Sibstans, Rad, Transpò, ak Asistans Jiridik

Deklarasyon kont Diskriminasyon USDA a

An akò ak lwa federal sou dwa sivil ak règleman dwa sivil ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), yo mete entèdiksyon sou enstitisyon sa a pou li pa pratike diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, oriijn nasional, sèks (ki gen ladan idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), kwayans relije, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite dwa sivil oparavan.

Enfòmasyon sou pwogram sa a ka disponib nan lòt lang ki pa anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou resevwa enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Langaj siy Ameriken), ta dwe kontakte Ajans Ian (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou èd yo. Moun ki soud, ki mal pou tandem oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal Ian nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan, yon moun ki gen yon plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòmilè pou plent sou diskriminasyon nan pwogram USDA, ke w ka jwenn anliy nan: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/USDA-OASCR%20P-Complaint-Form-0508-0002-508-11-28-17Fax2Mail.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (833) 620-1071, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese a USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès li, nimewo telefòn li, ak yon deskripsiyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Sekretè Asistan Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon yon dwa sivil li. Yo dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ranpli a bay:

1. pa lapòs:
Sèvis Nitrisyon ak Alimantè, USDA
1320 Braddock Place, Room 334
Alexandria, VA 22314; oswa
2. faks:
(833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
3. imèl:
FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov

Enstitisyon sa bay tout moun menm opòtinite.

Adrès sa se pou plent sou kesyon dwa sivil sèlman.